



Department of  
Education

Carmen Fariña, Chancellor

# Pwogram egzamen Eta Nouyòk Egzamen Konpozisyon anglè *English Language Arts (ELA)*

## *Konprann English Language Arts (ELA)* *Rapò endividyèl elèv* *Individual Student Report (ISR)*

Chak ane, Eta Nouyòk bay egzamen ELA ak matematik pou elèv nan eta a ki nan klas 3yèm rive 8yèm ane. Anplis satisfè egzijans federal ak eta a, egzamen ki respekte nòm debaz inivèsèl *Common Core* ede tou mezire pwogrè anyèl elèv ak lekòl yo. Fanmi yo ka gade rezilta elèv pou egzamen sa yo nan kont lekòl Vil Nouyòk *NYC Schools Account* (<https://www.mystudent.nyc/>) yo oswa si yo mande yon *Individual Student Report (ISR)* nan lekòl timoun lan. Dokiman sa a eksplike eleman ki nan rapò ISR lè yo itilize yon ISR pou klas 3yèm ane kòm egzamp.



Department of Education

Carmen Fariña, Chancellor

## Paj 1: Rezime Rezilta Elèv

<p><b>Nivo Pèfòmans</b> Eta Nouyòk fikse Nivo Pèfòmans 4, 3, 2, ak 1 pou mezire nòt nan egzamen an. Elèv ka fè nòt Nivo 4 jiska Nivo 1 nan egzamen an, depann <i>scale score</i> yo (gade tablo pi ba a). Gade pi ba nan paj sa a pou definisyon chak kat Nivo Pèfòmans yo. Pou referans ou, nivo pèfòmans pitit ou a nan ELA pou 2014 se: X.</p>	<p><b>Nivo 3 Eta Nouyòk</b> <i>Byen</i></p>	<p>1</p>
<p><b>Klasman Pèfòmans</b> Klasifikasyon Pèfòmans endike kote yon elèv klase nan yon Nivo Pèfòmans patikilye. Klasman yo soti nan 1,0 pou rive nan 4,5.</p>	<p>3,3</p>	<p>3</p>
<p><b>Scale Score</b> Yo mete Pèfòmans elèv nan egzamen an nan yon <i>Scale Score</i> total. <i>Scale Scores</i> soti nan 147 pou rive nan 429.</p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; margin: 10px auto; width: fit-content;"> <p>Kategori Echèl nòt ELA Eta Nouyòk pou klas 3yèm ane</p> <p>Nivo 4 : 429 – 358 Nivo 3: 357 – 320 Nivo 2: 319 – 291 Nivo 1: 290 – 147</p> </div>	<p>326</p>	<p>4</p>
<p><b>Echèl percentile Vil Nouyòk</b> Yo afiche echèl <i>percentile</i> la an <i>quartile</i> ; li endike si pèfòmans pitit ou tonbe nan 25 % elèv ki fè nòt pi ba (0-25%), ant 26 % ak 50 %/ ant 51 % ak 75 %, oswa nan 25 % elèv ki fè pi gwo nòt (76 %-100 %) tout elèv nan Vil Nouyòk ki nan nivo klas pitit ou a epi ki pran egzamen sa a.</p>	<p>76-100%</p>	<p>5</p>
<p><b>Echèl Percentile total Eta a</b> Menm jan ak pi wo a, eksepte ke echèl sa a endike pèfòmans pitit ou a pa rapò ak tout elèv nan Eta Nouyòk ki nan nivo klas pitit ou a epi ki pran egzamen sa a.</p>	<p>76-100%</p>	<p>6</p>

- 1** [Nivo Pèfòmans](#)  
Yo bay elèv yo yon Nivo pèfòmans Performance Level dapre *Scale Score* li te genyen nan egzamen an. Gen kat *Performance Levels* posib: Nivo 4 NYS(*depase pèfòmans*), Nivo 3 NYS(*nan nivo pèfòmans*), Nivo 2 NYS(*anba nivo pèfòmans*), ak Nivo 1 NYS(*jis anba pèfòmans*). Pou w ka jwenn yon deskripsyon konplè chak nivo pèfòmans yo, tanpri gade anba paj 1 nan *Individual Student Report* la. Pou w jwenn yon deskripsyon detaye kapasite, konesans ak metòd tipik elèv nan chak *Performance Level*, tanpri ale sou <http://www.engageny.org/resource/performance-level-descriptions-for-ela-and-mathematics>.
- 2** [Nivo pèfòmans pou 2014](#)  
Si pitit ou a gen yon nivo pèfòmans nan egzamen yo te bay an 2014 la, nòt li fè a ap la a. Si li pa la, tèks sa a ap di nòt la pa disponib epi y ap mande paran an pou li ale nan lekòl pitit li a si yo panse se yon erè.
- 3** [Klasman Pèfòmans](#)  
Klasman pèfòmans lan ki ka klase ant 1.0 ak 4.5, montre kote yon elèv tonbe nan yon nivo pèfòmans patikilye. Paegzanp, yon *Proficiency Rating* 2.5 endike yon elèv te fè nòt nan Nivo Pèfòmans 2 avèk yon *Scale Score* 50 % ant nòt nivo pèfòmans 2 ak nòt nivo pèfòmans 3 ki pi wo a. Pou Pèfòmans Nivo 4, *Proficiency Rating* pi wo ki posib se 4.5.



Department of  
Education

Carmen Fariña, Chancellor

4

#### Scale Score

Yo kalkile *Scale Score* ak kantite pwen yon elèv te fè nan egzamen an. Objektif yon nòt echèl *Scale Score* se asire rezilta egzamen yo vle di menm bagay ane apre ane menm si elèv ki pran egzamen yo ak egzamen yo diferan chak ane. Plis pitit ou a fè gwo pwen, se plis li gen gwo *Scale Score*. *Scale Scores* fè plis sans lè yo asosye yo avèk yon nivo pèfòmans. Tablo ki pi ba a bay echèl *Scale Scores* pou chak klas, ansanm ak *Scale Score* pitit ou a ta bezwen pou l satisfè pèfòmans y ap tann nan nivo klas li epi pou l ka sou wout preparasyon pou kolèj ak karyè.

*Echèl ak nivo pèfòmans Scale Scores dapre klas*

	Klas					
	3	4	5	6	7	8
Kategori Scale Scores	147-429	138-423	97-413	117-421	98-414	100-412
<i>Scale Scores</i> ki pi gwo oswa ki egal ak Valè sa a vle di pèfòmans (Nivo pèfòmans)	320	320	320	320	318	316

5

#### Kategori Percentile Vil Nouyòk

Kategori *percentile* Vil Nouyòk endike jan yon elèv travay nan egzamen an lè yo konpare l avèk lòt elèv ki te pran menm egzamen sa a nan menm klas ak menm matyè debaz nan lekòl leta Vil Nouyòk. Yo afiche *percentile range* an *quartiles*. Sa vle di ke li endike si pèfòmans pitit ou a tonbe anba 25%(0 - 25 %) tout elèv yo, ant 26 % ak 50 %, 51 % ak 75 %, oswa nan premye 25 % ki nan tèt yo (75 - 100 %) tout elèv nan Vil Nouyòk pou matyè sa a ak klas sa a. Paegzanp, si pitit ou a fè nòt ki klase nan twazyèm quartile (51% -75 %) onivo Vil la, sa vle di li fè yon nòt egal oswa pi wo pase 51 % epi jiska 75% elèv nan Vil Nouyòk.

6

#### Klasman Percentile total Eta a

*Overall State Percentile Range* endike jan yon elèv pèfòme nan egzamen an lè yo konpare l avèk lòt elèv ki te pran menm egzamen sa a nan menm nivo klas ak nan menm matyè nan Eta Nouyòk. Yo afiche enfòmasyon sa a an *quartiles*. Pou plis enfòmasyon sou *quartiles* sa yo, tanpri gade deskripsyon *Percentile Range* Vil Nouyòk.



Department of Education

Carmen Fariña, Chancellor

## Paj 2: Lòt Enfòmasyon

Yo bay yon rapò klas 3yèm ane kòm egzanj. Piske rapò nòt pou tout klas yo nan egzamen ELA gen menm enfòmasyon an, entèpretasyon sa yo aplike nan klas 3yèm – 8yèm ane.

### Lòt enfòmasyon konsènan pèfòmans pitit ou a

#### Lekti

Elèv konprann ide enpòtan ak detay ki nan tèks nivo klas yo, yo rekonèt kòman detay sipòte devlopman istwa a, dekri aktè yo, epi konekte ide yo avèk evènman yo.  
Elèv wè tou siyifikasyon mo ak ekspresyon jan yo itilize yo nan tèks la, yo konprann kòman tèks la òganize, epi yo idantifye pwennvi.  
Anplis, elèv mete konèsans yo ak ide yo pran nan tèks la lè yo itilize ilistrasyon ak koneksyon liik ant pati ki nan tèks la.

#### Tèks eksplike Writing from Sources

Elèv li tèks nivo klas yo epi yo fè deklarasyon ke yo kore avèk detay.  
Elèv ekri osijè aktè yo, yo dekri ki rapò aktè yo genyen yonn ak lòt nan tèks la.  
Elèv analize evènman ak aksyon nan tèks la, yo detèmine efè langaj pale nan aspè yon tèks, epi yo dekri enpòtan elemman ki nan yon istwa.  
Elèv kominike tou konpreyansyon yo nan ekri tèks koyeran ki montre gramè anglè dapre nivo klas la ak kòman yo itilize li.

Pwen pitit ou a fè

Nimewo posib

Pwen anmwayèn elèv pran nan Nouyòk

20

31

17

8

9

10

17

24

12

11

12

13

7

7

#### Lekti ak tèks eksplike apati sou-nòt Subscores sous Reading and Writing from Sources Subscores

Yo kalkile *Subscores* dapre pwen elèv fè nan gwoup kesyon ki nan egzamen an ki mezire konèsans oswa kapasite ki sanble oswa ki gen rapò. *Subscores* bay enfòmasyon anplis sou jan pitit ou a pèfòme. *Subscores* nan egzamen ELA a divize an **Lekti** ak **Redaksyon apati Sous** yo. *Reading subscore* bay yon sans jeneral sou pèfòmans pitit ou a nan kesyon chwa miltip *multiple-choice* ki mezire *Reading*. Kesyon *Reading* yo nòm aprantisaj yo nan *reading* ak nan konvansyon langaj *language conventions*. **Sou-nòt Tèks eksplike** baze sou kantite pwen nan kesyon ekri ak repons kout(2-pwen)ak kesyon ekri elabore(4-pwen). Kesyon *Writing Sources* yo mezire nòm aprantisaj yo nan *writing, reading* ak nan *language conventions*.

8

#### Pwen pitit ou fè nan Reading

Pwen pitit ou a fè nan lekli reprezante kantite **pwen li fè** nan kesyon lekli yo. Pitit ou a fè yon pwen pou chak kesyon ke li byen reponn. Paegzanp, si pitit ou a byen reponn 20 kesyon ki mezire *Reading*, l ap gen yon nòt 20 pou pwenli fè nan *Reading*.



Department of  
Education

Carmen Fariña, Chancellor

9

**Kantite pwen posib nan Reading**

*Kantite Pwen Posib nan Reading* dekri kantite pwen total ki mezire **Lekti ki posib pou elèv fè nan egzamen an**. Yo ka konpare sa avèk *Kantite pwen pitit ou a fè nan Reading*. Paegzanp, si Kantite Pwen Posib nan *Reading lan se 31* epi pitit ou a reponn 20 kesyon byen (pitit ou a fè nòt 20 pwen nan Reading), kidonk li reponn 11 nan 31 kesyon *Reading* yo mal.

10

**Pwen anmwayèn elèv pran nan Nouyòk nan Reading**

**Pwen mwayen elèv pran nan Nouyòk pou lekti Reading** rapòte kantite pwen mwayen elèv fè nan eta Nouyòk. Yo ka itilize nonb sa a pou konpare pèfòmans pitit ou a ak pa lòt elèv nan Eta Nouyòk ki te pran egzamen ELA nan yon klas anpatikilye. Paegzanp, si pitit ou a te fè 20 pwen nan lekti, li reponn twa kesyon *lekti* anplis ki te kòrèk pase elèv 3yèm ane nan Eta a piske kantite Pwen mwayen elèv fè nan *lekti* nan Nouyòk nan klas sa a se 17. Tanpri sonje ke li posib yon elèv fè plis pwen pase mwayèn lan nan *lekti* epi yo ka toujou konsidere li pa pèfòman.

11

**Pwen pitit ou fè nan Writing apati Sources yo**

Pwen pitit ou fè nan redaksyon apati Sources yo reprezante kantite total **pwen li fè** nan kesyon ki mezire **Tèks eksplike yo**. Kesyon ki mezire *Writing from Sources* gen ladan de tip kesyon-repons konstwi: repons kout (maksimòm 2 pwen) ak repons elabore (maksimòm 4 pwen). Pwofesè yo evalye repons chak elèv pou kesyon sa yo.

12

**Kantite pwen posib nan Writing from Sources**

Kantite pwen posib nan lekti nan Sources dekri kantite total pwen yon elèv ka fè nan kesyon ki mezire redaksyon nan sous yo nan yon egzamen anpatikilye. Yo ka konpare nonb sa a avèk *Kantite pwen pitit ou a fè nan lekti* eksplike. Paegzanp, si pitit ou a fè 17 pwen nan kesyon ki mezire *Writing from Sources* yo, epi gen 24 pwen posib nan kesyon ki mezire *Writing from Sources* yo, kidonk li rate sèt nan pwen ki posib yo. Pwen sa yo ka manke paske nan nivo pitit ou a ekri repons yo yo te devlope ak/oswa sipòte avèk evidans.

13

**Pwen mwayen elèv pran nan Nouyòk pou Writing from Sources**

*Pwen anmwayèn elèv pran nan Nouyòk nan Writing from Sources* reprezante kantite pwen anmwayèn elèv fè nan Eta Nouyòk nan kesyon ki mezire **Writing from Sources**. Yo ka itilize nonb sa a pou konpare pèfòmans pitit ou a ak pa lòt elèv nan Eta Nouyòk ki te pran egzamen ELA nan yon klas anpatikilye. Paegzanp, si pitit ou a te fè 17 pwen nan kesyon ki mezire *Writing from Sources*, sa vle di li fè senk pwen anplis nan seksyon *Writing from Sources* pase elèv 3yèm ane mwayen an nan Eta a piske kantite Pwen mwayen elèv fè nan *Writing from Sources* nan Nouyòk nan klas sa a se 12. Tanpri sonje ke li posib pou yon elèv fè plis pwen pase mwayèn lan nan *Writing from Sources* epi yo toujou konsidere li pa pèfòman.